



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 30 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA ELAJISMAN POU TRETMAN MEDIKAL IJANS NAN LEKÒL YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lwa ki pral elaji aksè a potansyèl medikaman kap sove lavi pou elèv ak anplwaye lekòl yo nan ka yon ijans. Nouvo lwa gen ladan pwovizyon ki pral pèmèt lekòl yo administre epi-pens a elèv yo san preskripsyon nan sitiyasyon ijans yo e li pral pèmèt elèv yo ki dyagnostike avèk opresyon, alèji ak/oswa dyabèt pou bay tèt yo tretman medikal yo te preskri yo a.

“ Lwa bon sans sa yo elimine baryè ki anpeche elèv yo gen aksè rapid a medikaman – menm nan ka yon ijans,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen remèsye pwomotè lejislasyon sa a, sa ki pral ede sove lavi epi prevni trajedi yo ke nou kapab evite.”

Yon nouvo lwa, (S.7262-A/A.7791-A), otorize lekòl yo posede epi administre epinephrine oto-enjektab, ke yo souvan konnen tankou epi-pens, nan yon sitiyasyon ijans, menm si benefisyè tretman sa pa gen yon preskripsyon.

Epinephrine se yon medikaman esansyèl nan trete reyaksyon alèjik ki menase lavi. Lwa sa a asire ke distri lekòl yo pral otorize pou kenbe epi-pens sou plas e ofisyèl yo ot ke enfimyè yo pral otorize pou posede epi bay dòz medikaman nan sitiyasyon ijans yo, keseswa ou non elèv la gen yon preskripsyon nan dosye l. Itilizasyon ijans oto-enjektab epinephrine pral otorize sèlman si anplwaye lekòl k ap administre epinephrine lan te konplete fòmasyon apwopriye ki apwouve pa Depatman Sante sou fason pou itilize epinephrine oto-enjektè sou plas.

Senatè Kemp Hannon te deklare, “Bay yon timoun epinephrine atan nan yon sitiyasyon chèk anafilaktik ta vle di diferans ant lavi ak lanmò. Lè yo otorize lekòl yo kenbe epi anplwaye yo posede epi administre epinephrine oto-enjektab san yon preskripsyon, nan ka yon ijans, lwa sa ki la depi lontan pral ekipe lekòl yo avèk kapasite pou ede yon timoun kap souffri de yon repons alèjik ki menase lavi.”

Manm asanble Thomas Abinanti te deklare, “Plis ak plis timoun bezwen medikaman spesyal ak aparèy ki pa vo anyen si yo pa disponib fasilman toutan. Li fè sans pou fòmè plis anplwaye nan lekòl yo pou ede timoun nou yo avèk aparèy yo preskri yo nan yon ijans. Mezi bon sans sa a pral asire ke elèv yo ki souffri

alèji, opresyon ak dyabèt kapab pote epi itilize epi-pens, inalè ak lòt medikaman ak aparèy yo preskri yo lè yo bezwen yo nan lekòl la. Li otorize lejitimasyon pèsònèl non-medikal lekòl la ki fòm pou administrasyon medikaman yo preskri nan yon ka ijans.”

Gouvènè a te siyen lejislasyon (A.9334-B/ S.7758), ki pèmèt elèv yo ki soufri opresyon oswa lòt maladi respiratwa, alèji, ak/oswa dyabèt pou pote epi bay tèt yo medikaman esansyèl pandan yo nan lekòl oswa nan fonksyon lekòl la. Daprè lwa sa a, elèv yo ki gen fòm otorizasyon yon doktè ak konsantman paran alekri pral otorize pou itilize medikaman enpòtan yo tankou inalè, epi-pens ak ensilin san entèvansyon oswa reta.

Senatè John Flanagan te deklare, “Nouvo lwa se yon apwòch bon sans a yon pwoblèm enpòtan kap grandi nan lekòl yo nan eta nou an. Li pral pèmèt timoun yo ki aflije pa alèji ak lòt pwoblèm medikal grav pou pran desizyon osijè pwòp kondisyon sante yo nan yon delè rapid ak nan yon fason apwopriye. Sa a pral ba yo pi gwo abilite pou konsantre plèman sou edikasyon yo pandan lap bay fanmi yo lapè despri ki nesèsè anpil.”

Manm asanble Catherine Nolan te deklare, “Antanke paran mwen konnen pa gen anyen ki pi twoublan pase lide ke pitit ou gen yon ijans medikal e ou pa ka rive jwenn yo touswit, e pou paran timoun yo ki gen opresyon, alèji grav oswa nenpòt lòt pwoblèm sante grav, laperèz kapab ogmante konsiderableman. Lejislasyon sa a pral ede soulaje kèk nan enkyetid sa nan pèmèt elèv yo ki gen kondisyon potansyèl ki menase lavi pou yo vini avèk medikaman yo pandan yo nan lekòl la, kidonk, nan ka yon ijans, elèv la oswa manm pèsònèl lekòl la ki fòm ka aji osi rapidman ke posib. Mwen vle di Gouvènè Cuomo mèsè poutèt li siyen pwojè-lwa enpòtan sa a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole